

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Kabudayaan bisa dihartikeun salaku hasil budi jeung daya nu dipibanda ku hiji daérah. Nurutkeun Koentjaraningrat (1990: 9), kabudayaan nya éta sakabéh gagasan jeung karya manusa nu kudu dibiasakeun ku cara diajar, sarta sakabéh tina hasil budi jeung karyana.

Urang Sunda mangrupa salasahiji sélér bangsa di Indonésia anu miboga rupa-rupa kabudayaan. Kabudayaan nu dipibanda ku urang Sunda disebut kabudayaan Sunda. Éta kabudayaan téh mangrupa hasil cipta, rasa, jeung karsa manusa Sunda anu lumangsung sacara lila pisan, sarta dipangaruhan ku alam sabudeureunana. Wujud budayana bisa mangrupa wujud *ideel*, wujud kalakuan, jeung wujud fisik.

Dina kabudayaan Sunda, wujud *ideel* mangrupa hasil pamikiran urang Sunda dina wangun adat-istiadat nu aya dina kabudayaan Sunda, saperti undak-usuk basa. Wujud kalakuan nya éta aktivitas atawa paripolah manusa Sunda dina ngalakonan kahirupan anu saluyu jeung budayana. Wujud fisik mangrupa wujud nu pangkongkritna, contona karajinan nu dijieun ku urang Sunda, saperti angklung, parobot tina bahan awi, jsb.

Nurutkeun Koentjaraningrat (1990:2), aya tujuh unsur universal kabudayaan, nya éta (1) sistem réligi jeung upacara kaagamaan; (2) sistem jeung organisasi kamasarakatan; (3) sistem pangaweruh; (4) basa; (5) kasenian; (6)

sistem pakasaban hirup; sarta (7) sistem pakakas hirup jeung téknologi. Nilik kana éta hal, jelas pisan yén kasenian téh mangrupa salasihiji unsur kabudayaan. Ayana kabudayaan teu bisa leupas tina éta tujuh unsurna.

Kasenian raket pisan patalina jeung kabudayaan. Koentjaraningrat (2005:19) nétélakeun yén kabudayaan (anu salasihijina nya éta kasenian) mangrupa ciciptan tina sagala pikiran jeung paripolah manusa nu fungsional, éstétis, jeung éndah, nepi ka bisa dirasakeun ku pancaindera. Salasihiji kasenian nu aya di Tatar Sunda nya éta Ronggeng Gunung nu mangrupa kasenian has Kabupatén Ciamis.

Ronggeng Gunung mangrupa salasihiji kasenian daérah Ciamis anu bisa disebut hirup kénéh. Najan kitu, geus sababaraha taun ka tukang, éta pintonan kasenian téh langka kapanggih di éta daérah. Pintonan kasenian Ronggeng Gunung biasana aya di daérahpکیدulan Ciamis, saperti Kecamatan Banjarsari, Padahérang, jeung Pangandaran.

Ronggeng Gunung mangrupa kasenian nu mintonkeun hiji ronggeng anu asalna ti gunung, nu pancénna ngibing jeung nembang. Waditra nu dipakéna basajan pisan, nya éta cukup ku hiji kendang, tilu ketuk/kenong, jeung hiji goong. Ieu ronggeng miboga lagu-lagu has. Unggal lagu nyambung jeung tarian husus sarta pintonan hiji lagu téh dianggap sababak. Gerakan tari Ronggeng Gunung leuwih museur kana gerakan suku. Nu ngaribing biasana sacara kelompok ngawangun buleudan anu ngurilingan ronggengna. Salian ti éta, nu ngibingna téh sok diharudum sarung atawa iket (Pemkab Ciamis, 2005:147-148).

Kasénian daérah bisa dijadikeun asét kabudayaan daérah. Kitu deui kasenian Ronggég Gunung, mangrupa salasahiji asét kabudayaan di Kabupatén Ciamis. Kiwari kabudayaan daérah di Kabupatén Ciamis téh geus arang kapanggih, malah geus ampir tumpur pisan. Henteu saeutik urang Ciamis anu teu apal pisan kana kasenian Ronggég Gunung. Ku kituna, perlu diayakeun tarékah-tarékah pikeun ngahudang deui kasénian Ronggég Gunung nu méh leungit pisan.

Sakumaha ilaharna budaya nu aya di sakuliah dunya, tangtu miboga simbol-simbol budaya séwang-séwangan. Kitu deui dina kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis, tangtu aya simbol-simbol anu nyangkaruk sarta perlu dipikaweruh sangkan bisa maham kana éta kasenian sagemblengna. Lamun geus bisa ngahontal éta hal, mangka urang Sunda lain ngan saukur apal kana kasenian Ronggég Gunung, tapi bari jeung ngarti kana hal-hal anu nyangkaruk di jerona.

Patali jeung simbol, tangtu moal leupas tina élmu semiotik. Nurutkeun van Zoest (1993: 1) nu dikutip ku Isnéndés (2008: 32), semiotik nya éta élmu ngeunaan tanda sarta sagala hal nu aya patalina, saperti sistem tanda jeung prosés pikeun nu makéna. Téori semiotik nu medar ngeunaan simbol nya éta téori semiotik Pierce, nu nétélakeun yén aya tilu rupa tanda dumasar sipat patalina tanda jeung *denotatumna*, nya éta (1) ikon; (2) indéks; jeung (3) simbol.

Kaweruh ngeunaan simbol-simbol dina kasenian Ronggég Gunung bisa mantuan guru dina nyiapkeun bahan ajar anu patali jeung kabudayaan daérah, hususna pangajaran basa Sunda. Kasenian daérah kaasup kana kabudayaan. Dina *SKKD Bahasa dan Sastra Sunda* (2007: 99), ditétélakeun yén fungsi pangajaran

basa jeung sastra Sunda nya éta (1) sarana pikeun ngabinasosial budaya régional Jawa Barat; (2) sarana pikeun ngaronjatkeun pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep dina *pelestarian* jeung *pengembangan* budaya; (3) sarana pikeun ngaronjatkeun pangaweruh, kaparigelan, sarta sikep pikeun ngahontal jeung ngamekarkeun élmu pangaweruh, téknologi, jeung seni; (4) sarana pikeun ngabakukeun jeung ngajembarkeun makéna basa Sunda dina rupa-rupa kaperluan; (5) sarana pikeun mekarkeun *penalaran*; sarta (6) sarana pikeun maham rupa-rupa budaya daérah. Nilik kana éta hal, jelas pisan yén fungsi pangajaran basa Sunda téh salasihijina patali jeung pamahaman kabudayaan. Dina pangajaran maca di SMA kelas XII, salasihijina aya Kompetensi Dasar “Maca bahasan kasenian”. Ku kituna, kaweruh ngeunaan simbol-simbol dina Kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis bakal gedé pisan mangpaatna pikeun jadi salasihiji bahan dina éta pangajaran.

Panalungtikan ngeunaan simbol-simbol dina kabudayaan anu saméméhna geus dilaksanakeun nya éta *Ajén Falsafah Simbol-simbol dina Kasenian Bangklung di Désa Ciséro Kacamatan Cisarupan Kabupatén Garut* ku Zaénal Anwar (entragan 2004) dina taun 2009 jeung *Simbol-simbol nu Nyampak dina Upacara Adat Sérén Taun di Désa Sirna Resmi Kecamatan Cisolok Kabupatén Sukabumiku* Nuning Restiani Winarti (entragan 2006) dina taun 2010, sedengkeun panalungtikan ngeunaan kasenian Ronggég Gunung anu saméméhna geus dilaksanakeun nya éta *Ronggég Gunung: Sebuah Kesenian Rakyat di Kabupatén Ciamis* anu ditalungtik ku S. Dloyana Kusumah dina taun 1981-1982. Éta panalungtikan ngan saukur nalungtik sajarah, asal-usul, fungsi jeung peranan,

sarta wangun jeung sifat kasenian Ronggég Gunung, tapi henteu nalungtik ngeunaan simbol-simbolna sarta henteu dipatalikeun jeung bahan pangajaran. Bakal leuwih onjoy lamun urang Sunda lain ngan saukur mikawanoh kasenian Ronggég Gunung, tapi bari jeung apal kana ma'na-ma'na anu dikomunikasikeun ngaliwatan simbol-simbolna, sarta bisa ngalarapkeunana dina bahan pangajaran basa Sunda. Salian ti éta, ku ayana parobahan jaman salila 30 taun, nya éta ti taun 1981 nepi ka taun 2011, tangtu bakal aya parobahan dina kasenian Ronggég Gunung.

Dumasar kasang tukang anu geus dipedar di luhur, simbol-simbol budaya nu aya dina kasenian Ronggég Gunung téh penting pisan pikeun ditalungtik, kalawan rumusan “Simbol-simbol Budaya dina Kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA”.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Sangkan pedaranana henteu lega teuing, ieu panalungtikandiwatesanan, nya éta ngan saukur maluruh déskripsi, sajarah, jeung simbol-simbol nu aya dina kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis, sarta ngalarapkeunana dina bahan pangajaran basa Sunda, nya éta pangajaran “Maca bahasan kasenian” di SMA kelas XII.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kaayaan kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis?
- 2) Kumaha sajarah kasenian ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis?
- 3) Naon waé simbol-simbol nu kapaluruh tina kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis?
- 4) Kumaha implikasi simbol-simbol budaya dina kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis pikeunbahan pangajaran “Maca bahasan kasenian” di SMA kelas XII?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun maluruh kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus, ieu panalungtikan tujuanana pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Kaayaan kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis;
- 2) Sajarah kasenian ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis;

- 3) Simbol-simbol nu kapaluruh tina kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis; jeung
- 4) Implikasi simbol-simbol budaya dina kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis pikeun bahan pangajaran “Maca bahasan kasenian” di SMA kelas XII.

#### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

##### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat sacara tioritis anu dipiharep bisa dihontal tina ieu panalungtikan, nya éta ngalengkepan pangaweruh anu patali jeung kabudayaan Sunda, hususna dina widang kasenian.

##### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat sacara praktis anu dipiharep bisa dihontal tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Pikeun nambahan pangaweruh jeung wawasan ngeunaan kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis; jeung
- 2) Pikeun nambahan bahan pangajaran basa Sunda anu patali jeung kabudayaan atawa kasenian daérah, hususna dina pangajaran “Maca bahasan kasenian” di SMA kelas XII.

#### **1.5 Anggapan Dasar**

Ieu panalungtikannyoko kana sababaraha anggapan dasar, nyaéta:

- 1) Unggal sélér bangsa tangtu miboga kabudayaan;

- 2) Kasenian mangrupa salasahiji unsur universal tina kabudayaan;
- 3) Kasenian ngomunikasikeun ma'na-ma'nana ngaliwatan simbol-simbol anu kudu dilenyepan ku *penikmatna*;
- 4) Simbol-simbol budaya dina kasenian bisa dipaluruh maké téori semiotik Pierce;
- 5) Kasenian Ronggég Gunung mangrupa kasenian daérah Ciamis nu jadi asét kabudayaan urang Ciamis hususna, sarta urang Sunda sacara umumna;
- 6) Kabudayaan Sunda kudu diwanohkeun ka generasi ngora, kaasup para siswa;
- 7) Ngawanohkeun kabudayaan Sunda ka para siswa bisa dina pangajaran basa Sunda; jeung
- 8) Panalungtikan ngeunaan simbol-simbol dina kasenian Ronggég Gunung bisa jadi alternatif dina nangtukeun bahan ajar kabudayaan, utamana ngeunaan kasenian daérah.

#### **1.6 Wangenan Istilah**

Sangkan leuwih jéntré jeung babari dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan, perlu aya istilah-istilah anu digunakeun dina ieu judul panalungtikan, saperti ieu di handap.

- 1) Simbol nya éta lambang atawa tanda tina hiji hal, barang, atawa kajadian anu bisa ditafsirkeun gumantung kana aturan umum anu geus disapukan ku nu makéna;
- 2) Budaya nya éta hasil budi jeung akal manusa nu ngawangun beungkeutan sosial, ngawengku pangaweruh, kapercayaan, seni, moral, hukum, adat-



- istiadat (kabiasaan), jeung hal-hal séjénna nu aya di masarakat, nepi ka bisa dibédakeun antara manusa (mahluk nu miboga budaya) jeung sato;
- 3) Kasenian nya éta sagala éksprési jeung hasrat manusa nu bisa ngahasilkeun hal-hal anu sarwa éndah, nepi ka bisa méré kaonjoyan ka nu ngarasakeunana;
  - 4) Ronggég Gunung nya éta kasenian has Kabupatén Ciamis nu mintonkeun hiji ronggég anu asalna ti gunung, nu miboga pancén pikeun ngibing jeung nembang, anu ibinganana leuwih museur kana gerakan suku;
  - 5) Bahan pangajaran nya éta salasihiji komponén pangajaran, nu eusina mangrupa élmu pangaweruh nu kudu dikawasa ku guru jeung siswa; jeung
  - 6) Pangajaran maca nya éta salasihiji pangajaran anu aya dina SKKD basa Sunda, nu miboga tujuan sangkan siswa bisa maham jeung nyangkem kana wacana nu jadi bahan pangajaranana.

## **1.7 Méhode jeung Téhnik Panalungtikan**

### **1.7.1 Méhode Panalungtikan**

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode déskriptif analisis, hartina ngayakeun kagiatan panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis hasil panalungtikanana.

### **1.7.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik telaah pustaka, wawancara, obsérvasi, jeung dokuméntasi.

### 1.7.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *handphone*, kaméra digital, jeung pedoman wawancara.

### 1.8 Sumber Data

Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta data hasil obsérvasi, dokuméntasi, jeung wawancara ka sakumna warga Kabupatén Ciamis nu apal pisan kana kasenian Ronggég Gunungdi Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis, katut hal-hal nu aya patalina, sarta boga pangalaman ngeunaan éta kasenian.

### 1.9 Sistematika Penulisan

Sistematika penulisan dina ieu panalungtikan ngawengku:

- 1) BAB I: Bubuka, nu medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, wangenan istilah, métode jeung téhnik panalungtikan, sumber data, sarta sistematika panulisan. Dina ieu bab, eusina ngeunaan kontéks tina masalah nu ditalungtik;
- 2) BAB II: Kajian Téori, nu medar ngeunaan simbol budaya, kasenian Ronggég Gunung, jeung bahan pangajaran maca. Dina ieu bab, eusina mangrupa tatapakan tiori nu dipaké dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan;
- 3) BAB III: Metodologi panalungtikan, nu medar ngeunaan desain panalungtikan, métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, sumber data,

wangunan operasional, instrumén panalungtikan, jeung léngkah-léngkah panalungtikan. Dina ieu bab, eusina ngeunaan prosedur nu dipaké pikeun meunangkeun jeung ngolah data dina ieu panalungtikan;

- 4) BAB IV: Analisis data jeung pembahasan hasil panalungtikan, nu medar ngeunaan déskripsi, sajarah, jeung simbol-simbol budaya dina kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis, sarta implikasina dina bahan pangajaran maca; jeung
- 5) BAB V: Kacindekan jeung Saran. Dina ieu bab, eusina mangrupa kacindekan tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun, sarta harepan panalungtik pikeun lajuning laku kana ieu panalungtikan.

